

ecosystem	ekosistèm	entè-aksyon pami popilasyon ki nan yon kominote; se anviwònman fizik oswa faktè abyotik yo.
ectoderm	ektodèm	kouch selil sou sifas eksteryè gastrila; li devlope pètèt sou po ak sistèm nève yon zannimo.
ectotherm	ektotèm	zannimo ki gen yon tanperati varyab nan kò yo epi ki pran tanperati nan sous ekstèn.
eddy current	kouran-toubiyon	Yon kouran ki jenere nan yon pyès metal ki an mouvman atravè yon chan mayetik k ap chanje, sa ki pwodui yon chan mayetik ki opoze mouvman ki lakòz kouran an.
efficiency	rannman	rapò ant travay pwodiksyon ak travay faktè pwodiksyon.
effort force	fòs efò	Fòs yon moun egzèsè sou yon machin.
egg	ze	selil sèks femèl aployid meyoze pwodui.
El Niño	Èlninyo	Kouran cho oseyan ki devlope apati kot lwès Amerik-di-Sid epi ki ka lakòz tout kote sou latè santi chanjman klimatik yo.
elastic collision	kolizyon elastik	Dekri yon kolizyon kote enèji sinetik ka transfere nan mitan patikil ki an kolizyon yo men enèji sinetik total de (2) patikil rete menm.
electric circuit	sikui elektrik	Yon sikui fèmèn oswa yon trajektwa ki pèmèt chaj elektrik sikile.
electric current	kouran elektrik	Yon sikilasyon patikil ki gen chaj.
electric field	chan elektrik	Chan ki egziste ozalantou nenpòt objè ki gen chaj; li pwodui fòs ki ka fè travay transfè enèji ant yon chan ak yon lòt objè ki gen chaj.
electrochemical cell	selil elektwochimik	Yon ekipman ki itilize yon reyaksyon redòks pou pwodui enèji elektrik oswa ki itilize enèji elektrik pou pwovoque yon reyaksyon chimik.
electrolysis	elektwoliz	Pwosesis ki itilize enèji elektrik pou pwovoque yon reyaksyon chimik.
electrolyte	elektwolit	Se yon konpoze iyonik; solisyon akez li kondui yon kouran elektrik.
electromagnet	elektwo-eman	Yon leman ki kreye lè kouran sikile atravè yon bobin fil.
electromagnetic radiation	radyasyon elektwomayetik	Yon fòm enèji k ap montre konpòtman tankou onn pandan l ap deplase nan lespas; li ka dekri nan longèdonn, frekans, anplitid ak vitès epi li gen ladan limyè vizib, mikwo-onn, reyon X (iks) ak onn radyo.

electromagnetic spectrum	espèk elektwomayetik	Aranjman radyasyon elektwomayetik, avèk tou reyon gama, reyon X (iks) ak mikwo-onn.
electromagnetic wave	onn elektwomayetik	Chanjman chan elektrik ak chan mayetik asosye k ap deplase atravè lespas.
electromotive force	fòs elektwomotris	Diferans potansyèl, ki mezire an vòlt, yon batri bay nan chaj yo; abrevyasyon li se EMF.
electron	elektwon	Se yon patikil ki gen chaj negatif, ki deplase vit epi ki gen yon mas ki piti anpil; yo jwenn mas la nan tout fòm matyè epi mas la deplase nan lespas vid ki antoure nwayo yon atòm.
electron cloud	nyaj elektwon	Rejyon kote gen anpil chans pou jwen yon elektwon.
electron microscope	mikwoskòp elektwonik	enstriman ki itilize yon feso elektwon alapas limyè pou agrandi estrikti yo 500,000 opli gwosè li genyen an; li pèmèt sava yo wè estrikti ki anedan yon selil.
electronegativity	elektwonegativite	Li endike kapasite relatif atòm yon eleman genyen pou atire elektwon ki nan lyezon chimik.
element	eleman	Yon sibstans pi ki pa ka dekonpoze an sibstans pi senp avèk mwayen fizik oswa mwayen chimik.
embryo	Anbriyon	premye etap kwasans ak devlopman plant ak zannimo; diferans ak resanblans pami anbriyon yo ka montre prèv evolisyon.
emigration	emigrasyon	mouvman moun nan yon popilasyon.
emission spectrum	espèk emisyon	Yon koub entansite limyè ki emèt nan yon kò cho sou divès kalite frekans.
empirical formula	fòmil anpirik	Yon fòmil ki montre pi piti rapò mòl nonm antye eleman yon konpoze, epi li ka oswa li ka pa menm ak fòmil molekilè ki genyen kounye a.
endangered species	espès ki reprezante menas	yon espès kote kantite endividi yo tonbe tèlman ba, sa fè ekstenksyon espès la posib.
endemic disease	maladi andemik	maladi ki toujou prezan nan yon popilasyon.
endocytosis	andositoz	pwosesis transpò aktif kote yon selil ap sòbe sibstans yo avèk yon pati manbràn plasma selil la epi degaje sa ki nan manbràn plasman anedan selil la.
endoderm	andodèm	kouch selil sou sifas enteryè gastrila a; l ap devlope pètèt nan pawa aparèy disjestif zannimo a ak ògàn ki asosye avèk dijesyon an.

endoplasmic reticulum	rektikilòm andoplasmik	òganèl ki nan selil ekaryotik yo avèk yon seri manbràn byen plwaye ki antoure nan sitoplas la; se anplasman reyaksyon chimik selilè yo.
endoskeleton	andoskèlèt	se eskèlèt entèn; li bay sipò, li pwoteje ògàn entèn yo, epi li aji kòm yon sipò entèn pou misk yo apiye youn sou lòt.
endotherm	andotèm	zannimo ki konsève yon tanperati konstan nan kò yo epi ki pa depann de tanperati anviwònman an.
endothermic	andotèmik	Se yon reyaksyon chimik ki egzije yon pi gwo kantite enèji pou kase lyezon ki egziste nan reyaktan yo pase sa ki kantite enèji ki degaje lè nouvo lyezon yo fòme nan molekil pwodui yo.
energy	enèji	Kapasite pou fè travay oswa pou pwodui chalè; li egziste sou fòm enèji potansyèl, ki estoke nan yon objè akòz konpozisyon oswa pozisyon objè a, epi sou fòm enèji kinesik ki se enèji mouvman.
energy level	nivo enèjetik	Li reprezante zòn nan yon atòm kote gen plis chans pou elektwon yo pwodui.
enthalpy	antalfi	Kantite chalè yon sistèm ki gen presyon konstan.
entropy	antwopi	Yon mezi dezòd oswa aspè aleyatwa patikil ki nan yon sistèm.
environment	anviwònman	milye byotik ak antibyotik kote yon òganis dwe adapte toutan; li gen ladan lè, dlo, tan, tanperati, lòt òganis ak anpil lòt faktè.
enzymes	anzim	kalite pwoteyin ki nan tout kreyati vivan ki chanje vitès reyasyon chimik yo.
eon	eyon	Inite tan ki pi long nan echèl tan jeyojolik la; li mezire an bilyon ane.
epicenter	episant	Pwen sou sifas tè a ki dirèkteman anwo sant yon tranblemanntè.
epidemic	epidemik	egziste lè anpil moun nan zòn soufri avèk menm maladi a apeprè nan menm tan.
epidermis	epidèm	nan plant yo, se kouch eksteryè selil plat ki kouvri ak pwoteje tout pati plant lan; nan imen ak lòt zannimo, se kouch pwotektif eksteryè ki konpoze avèk kouch eksteryè selil ki pa vivan ak yon kouch entèn selil vivan.
epoch	epòk	Inite tan nan echèl tan jeyojolik; li pi piti pase yon peryòd epi li mezire ant milyon ak dizèn

		milyon ane.
equator	ekwatè	Liy imajinè ki nan latitud zewo epi ki ansèkle latè nan mitan pòl nò ak pòl sid; li separe latè an emisfè nò ak emisfè sid.
equilibrium	ekilib	Kondisyon kote fòs nè ki sou yon objè se zewo.
equipotential	ekipotansyèl	Diferans potansyèl elektrik zewo ant de (2) oswa plizyè pozisyon nan yon chan elektrik.
era	è	Dezyèm pi gwo inite tan nan echèl tan jeyolojik, li mezire an santèn milyon ane epi li defini selon diferans fòm lavi ki konsève nan wòch yo.
erosion	ewozyon	Mouvman sibstans ki degrade ant yon pozisyon ak yon lòt akòz ajan tankou dlo, van, glasye ak pezanète.
esophagus	ezofaj	tib miskilè ki konekte bouch la avèk lestomak la; li deplase manje avèk peristaltis.
ester	estè	Se yon konpoze òganik ki gen yon gwoup kaboksilik kote yon gwoup alkilik ranplase idwojèn gwoup idwoksilik la; li ka volatil ak pafime epi li polè.
estuary	estiyè	etandi dlo sou kòt; li antoure avèk tè an pati epi ladan gen melanj dlo dous ak dlo sale.
ethylene	etilèn	òmòn plant ki favorize matirasyon fwi yo.
eukaryotes	ekaryòt	òganis iniselilè (ki gen yon sèl selil) oswa miltiselilè (ki gen plizyè selil), tankou levi, plant ak zannimo; li konpoze avèk selil ekaryotik ki gen ladan yon yon nwayo kòrèk ak òganèl ki ini relye avèk manbràn nan.
eutrophication	etwofizasyon	Pwosesis kote lak yo vin rich ak eleman nitritif ki soti nan liy pataj dlo a, sa ki lakòz yon chanjman ka kalite òganis ki nan lak la.
evaporation	evaporasyon	pwosesis kote vaporizasyon fèt sèlman nan sifas yon likid.
evolution	evolisyon	chanjman ofi-amezi nan yon espès atravè adaptasyon nan yon peryòd tan.
exocytosis	egzositoz	pwosesis transpò aktif ki lakòz yon selil sekrete oswa degaje sibstans yo.
exoskeleton	egzoskèlèt	kouvèti di sou pati eksteryè kèk zannimo avèk tou areye ak molisk yo.

exosphere	egzosfè	Kouch atmosfè latè ki pi lwen, ki lokalize anwo tèmosfè a epi ki genyen gaz lejè tankou elyòm, ak idwojèn.
exothermic	egzotèmik	Yon reyaksyon chimik gen kote plis enèji ki degaje pase sa ki nesèsè pou kase lyezon yo nan reyaksyon inisyal la.
exotic species	espès egzotik	espès ki pa fèt nan yon zòn; li ka pran kontwòl nich ekolojik espès natif ki nan yon zòn epi pètèt ranplase yo.
experiment	eksperyans	Yon seri obsèvasyon kontwole ki teste ipotèz la.
exponential growth	kwasans eksponansyèl	Modèl kwasans kote yon popilasyon òganis devlope pi vit lè li ogmante an kantite, sa ki lakòz yon eksplozyon popilasyon an.
extinction	ekstenksyon	disparisyon yon espès lè dènye manm espès la mouri.
extrusive	ekstrizif	Wòch igne ki gen grenn fen epi ki fòme lè wòch ki fonn yo refwadi vit epi vin solid sou sifas tè a.